



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 3/15/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO REKÒMANDE NOMINASYON TOM FALCONE KÒM OFISYE EGZEKITIF ANCHÈF NAN LONG ISLAND POWER AUTHORITY

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse rekòmandasyon l pou nome Tom Falcone kòm Ofisye Egzekitif Anchèf nan Long Island Power Authority. Mesye. Falcone aktyèlman ap travay kòm Ofisye Finansye Anchèf LIPA. Manm yo nan Konsèy Administrasyon LIPA yo prevwa pou vote Mesye. Falcone kòm PDG nan pwochen reyinyon konsèy la nan dat 21 Mas.

“Kòm Ofisye Finansye Anchèf, Tom Falcone te ede plase LIPA sou yon enprent finansye solid lè yo mete kliyan yo anpremye epi amelyore pousantaj stabilite ak rantabilite pou rezidan Long Island yo,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Lidèchip Tom te jwe yon wòl entegral nan bati yon rezo ki pi rezistan, fyab sou rezo a nan Long Island e li te pwouve tèt li pou l yon jesyon responsab pou LIPA. Mwen fyè pou m rekòmande nominasyon l kòm pwochen PDG Authority.”

Chwazi atravè yon pwosesis rechèch konpetitif, Mesye. Falcone te premye rantre nan LIPA kòm Ofisye Finansye Anchèf nan dat 21 Janvyè 2014, sipèvize aktivite finansye òganizasyon an, enkli kontabilite, bidjè, emisyon dèt, to, jesyon risk, ak planifikasyon stratejik. Nan kapasite l kòm CFO, Mesye. Falcone te amelyore pèspektiv klasman kredi LIPA, redwi depans pou sèvis dèt LIPA, epi jere yon dosye tarif transparan ak reyisi pou kliyan Long Island yo.

Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans Eta New York, te deklare: “Apati konklizyon yon tarif pousantaj reyisit pou kontwole renovasyon enpòtan ak amelyorasyon nan rezo elektrik la, Tom Falcone te montre ke li gen yon kalite lidèchip ak eksperyans pou dirije LIPA pou benefis kliyan li yo.”

“Mwen onore paske m gen sipò Gouvènè Cuomo ansanm avèk administrasyon l pou sèvi kòm pwochen PDG LIPA,” **te deklare Tom Falcone**. “Sou lidèchip Gouvènè a, òganizasyon nou an te fè pwogrè enpòtan nan amelyore sèvis ak depans stabilizasyon pandan nap devlope yon rezo elektrik ki pi pwòp, pi rezistan ak rantab pou tout rezidan Long Island yo. Mwen kontan pou m plis ranfòse efò sa yo nan non kliyan nou yo.”

Daprè Lwa sou Refòm LIPA, ke lejislati a te pase apre gwo tanpèt Sandy nan 2013, LIPA te amelyore operasyon l epi diminye depans finans li yo pa yon estimasyon \$375 milyon sou de dènye ane ki sot pase yo ki fini nan 2015, ekonomize kliyan yo \$1 milya sou senk pwochen ane yo.

Spesyalman, dapre Lwa sou Refòm LIPA, Authority a gen:

- Avèk pwosesis siksè konkli pwosesis reglaj ki pi ouvè ak pi transparan nan debi elektrik avèk patisipasyon enpòtan piblik la ak kontwòl endepandan nan nouvo Depatman Sèvis Piblik New York – biwo Long Island.
- Apwouve yon rekò \$2 milya nan plan investisman enfrastrikti pou pwochen twazan yo pou amelyore fyabilite ak rezistans sèvis elektrik pou kliyan yo.
- Investisman kontinyèl nan enèji renouvlab ak pwojè enèji efikas ak inisyativ ki konsistan avèk plan refòm vizyon enèji Gouvènè Cuomo, enkli apwobasyon pwojè enèji renouvlab 190 MW nan Long Island, sa ki kounye a nan diferan etap nan pèmi anviwonmantal ak konstriksyon.
- Ogmante klasman kredi LIPA, diminye pousantaj enterè kredi LIPA, ak stabilite depans yo ki gen rapò avèk sèvis dèt LIPA avèk yon pwogram refinasman ankou ki te ekonomize kliyan yo \$425 milyon.
- Investi nan yon sistèm jesyon pann kouran tanpèt, amelyore grandman abilite PSEG-Long Island, etablisman operasyonèl, pou kontwole repons pann kouran epi kominike avèk kliyan yo.
- Garanti yon sibvansyon federal pou finanse 90 pousan nan yon pwogram ranfòsman \$730 milyon pou amelyore sistèm rezitans elektrik tanpèt Long Island ak efò rediksyon inondasyon pandan lap diminye depans pou kliyan Long Island yo.

Antanke yon sèvis elektrisite piblik, LIPA se yon antite san bi likratif, fòm, posede epi opere pou benefis rezidan Long Island ansanm avèk biznis yo, yon strikti kap ekonomize rejyon an plis pase \$400 milyon pa ane nan pousantaj elektrisite.

Anvan li te antre nan LIPA, Mesye. Falcone te pase karyè pwofesyonèl li nan Morgan Stanley kote li te travay kòm yon bankye investisman ak yon konseye stratejik ki angaje nan finans sèvis piblik ak minisipal. Mesye. Falcone te yon etidyan Nelson nan Wharton School, University of Pennsylvania kote li te resewa Bakaloreya I nan Syans Ekonomik avèk konsantrasyon nan Finans ak Jesyon Politik Piblik.

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418